



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SD NEGERI CITEUREUP MANDIRI 3
ASSESSMENT SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL 2023/2024



Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda	Nama	:
Hari/tanggal	:	Kelas	:
Waktu	: 90 menit		

Baca Carita di Handap!

Nu Moncorong di nu Poék

Ku: Alkautsar Ahmad

Malem Saptu, wanci ngagayuh ka tengah peuting. Aka nyaring kahudangkeun ku sora tinggerendengna Ema jeung Bapa di tengah imah. Aka gigisik. Panonna rucang-riceng. Rét kana béker dina méja leutik di kamarna, kakara tabuh 11 leuwih. Aka hudang muru tengah imah.

“Aya naon, Ma? Asa gandéng!” tanya Aka ka indungna.

“Bi Murni rék ngalahirkeun, Aka marengan Bapa néang Ma Indeung, daék?”

“Mangga,” pokna, najan karasa tunduh kénéh. Moal sieun ieuh da jeung bapa, pikirna.

Ma Indeung téh paraji. Aka nyaho imahna. Mencil di sisi leuweung. Jalanna kudu ngaliwatan Tegalkalong.

Dicutat tina Rancagé Diajar Basa Sunda Pikeun Kelas VI SD

I. Buleudan dina kecap BENER atawa SALAH dina kalimah-kalimah di handap luyu jeung eusi carita di luhur!

1. Nu Moncorong di nu Poék mangrupikeun judul tina bacaan di luhur. (BENER / SALAH)
2. Nu ngarang carita di luhur nyaéta Raffi Ahmad. (BENER / SALAH)
3. Dina carita di luhur, latar waktu kajadianana nyaéta pabeubeurang. (BENER / SALAH)
4. Nu rék ngalahirkeun téh nyaéta Ma Indeung. (BENER / SALAH)
5. Aka teu sieun kudu indit tengah peuting néang paraji, sabab inditna jeung bapana. (BENER / SALAH)

II. Pilih A, B, C, atawa D di Hareupeun Jawaban nu Pangmerenahna!

6. Latar tempat tina carita “Nu Moncorong di nu Poék” nyaéta . . .
A. tengah imah, peuting
B. kamar, tengah imah
C. méja, leuweung
D. Tegalkalong, béker
7. Nalika pun bapa badé tuang, anjeunna gé nawisan . . . ka abdi.
Kecap nu merenah pikeun ngeusian titik-titik di na kalimah di luhur nyaéta . . .
A. dahar
B. nyatu
C. neda
D. ngéjo
8. Kecap **budak** lamun maké rarangkén tengah **-ar-** bakal robah jadi . . .
A. barudak
B. bararudak
C. balarudak
D. bubudakeun
9. Di antara kecap-kecap di handap nu ngagunakeun rarangkén tengah **-in-** nu merenah nyaéta aya dina kecap . . .
A. simbutan
B. mindahkeun
C. pinasti
D. piwejang

- | Nomer | Ngaran Tanda Baca | Simbol |
|-------|-------------------|---------|
| 1 | Pananya | ? |
| 2 | Panyeluk | ! |
| 3 | Kekenteng | “ ... “ |
| 4 | Gurat condong | / |
| 5 | Titik dua | ; |

A. 1, 2, 4, jeung 5
B. 1, 2, 3, jeung 5
C. 1, 3, 4, jeung 5
D. 1, 2, 3, jeung 4

- 
- LIVEWORKSHEETS

18. . . . urang ngayakeun acara perpisahan téh? Di tempat wisata.
Kecap pananya nu merenah pikeun ngeusian titik-titik di luhur luyu jeung jawabanana nyaéta
A. Iraha B. Kumaha C. Kunaon D. Di mana
19. Guru : “ kamari hidep teu sakola?”
Tuti : “Kumargi abdi udur, Bu.”
Kecap pananya nu merenah pikeun ngeusian titik-titik dina paguneman di luhur nyaéta
A. Iraha B. Kumaha C. Kunaon D. Di mana
20. Abdul keur nyieun karajinan.
Jejer Caritaan Udagan
Kalimah di luhur mangrupikeun kalimah
A. kalimah aktif C. kalimah pasif
B. kalimah langsung D. kalimah sampurna
21. Nu kaasup kalimah aktif di handap ieu nyaéta
A. Udin keur mantuan bapa C. Sawah keur dipaculan ku bapa
B. Bapa keur dibantuan ku Udin D. Tatangkalan dicébor ku Bi Asih
22. Bu Nani moé ranginang.
Kalimah diluhur kaasup kalimah aktif. Saupama kalimahna dirobah jadi kalimah pasif, kalimahna bakal jadi
A. Bu Nani keur moékeun ranginangna C. Ranginang dipoé ku Bu Nani
B. Ranginang dipopoéan ku Bu Nani D. Ranginang Bu Nani dipoékeun
23. Kalimah pasif anu merenah di handap ditunjukkeun ku kalimah
A. Buku Sari disimpen dina méja C. Méja paranti nyimpen buku Sari
B. Sari nyimpen buku dina méja D. Méja disimpenan buku ku Sari
24. Tulisan nu nyaritakeun riwayat hirup jalma séjén disebut
A. Biografi B. Otobiografi C. Dongéng D. Caritaan
25. Bapa Ajip Rosidi téh nyaéta saurang
A. Sastrawan jeung Budayawan Sunda C. Manten Menteri Dalam Negeri
B. Sastrawan jeung Budayawan Jawa D. Artis widang seni Sunda
26. Lamun urang nuliskeun riwayat hirup diri sorangan disebutna
A. Biografi B. Otobiografi C. Dongéng D. Caritaan
27. Prosés ngaronjatna hubungan internasional antarnagara di sakuliah dunya, istilahna disebut
A. Modérenisasi B. Réaksi C. Globalisasi D. Harmonisasi
28. Globalisasi timbul alatan ayana . . . élmu pangaweruh jeung téknologi.
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta
A. kamekaran/kamajuan C. kamunduran
B. dampak négatif D. kaégoisan

29. Salah sahiji balukar tina globalisasi téh ayana basa serepan tina basa deungeun. Basa serepan teu luyu jeung asal nagarana nyaéta

A. populér (popular - Inggris)

C. kiblat (qiblat - Arab)

B. kantor (kantoort – Walanda)

D. abad (abad - Sangsekerta)

30. Sato inguan Dadan nyaéta hayam pelung.

Nu kaasup kecap barang nu aya dina kalimah di luhur nyaéta

A. Sato, Dadan. Inguan

C. Sato, Dadan, hayam pelung

B. Dadan, inguan, pelung

D. Hayam pelung, inguan, sato